

Fich Enfòmasyon sou Klamidya

Klamidya, ki kozepa yon bakteri, *Klamidya trichomonas*, se yon nan maladi ki transmèt pa kontak seksyèl ki pi kouran Ozetazini.

SIY AK SENTÒM

Endividyèl yo pli souvan asentomatik (sa vle di san oken sentòm). Si ou genyen sentòm, nomalman yo parèt 1 à 3 semèn apre ke ou te ekspoze.

Sentòm nan fanm enkli:

- Pèt vajinal ki Abnomal
- Sansasyon briilè lè w ap fè piti
- Doule anba tivant
- Doule Rèl do
- Noze ak/oswa lafyèv
- Doule pandan w ap fè sèks
- Senyen nan ant peryòd règ mansyèl
- Iritasyon nan anis (two dèyè)

Sentòm nan gason enkli:

- Pèt nan pijon
- Sansasyon briilè lè w ap fè piti
- Briilè oswa gratèl otou twou pijon an
- Iritasyon nan anis (twou dèyè)

TRANSMÈT

Enfeksyon Klamidya transmèt pa:

- Sèks Vajinal, nan dèyè, oswa sèks sousad
- Manman ki enfektè pase sa bay tibebe pandan y ap akouche pa vajen

COMPLIKASYON/KONSEKANS YO

Si enfeksyon Klamidya an rete san trete ka lakòz pou:

- Maladi enflamasyon nan matris Esterilite
- Gwosès deyò iteris (nan tib)
- Doule Kwonik nan matris
- Ogmantasyon risk pou trape enfeksyon VIH

Si enfeksyon Klamidya an rete san trete, pandan gwosès ka lakòz pou:

- Akouchman avan dat (prematire)
- Tibebe an fèt ak yon pwa ki ba
- Konjonktivite sevè nan zye ak enfeksyon vwa respiratwa (nemoni) nan tibebe ki fèk fèt

TRETMAN

Tretman dwe enkli:

- Preskripsyon medikaman pa yon doktè (pli komen se azithromisin oswa doksisisilin)
- Tretman apwoprye pou patnè an

PREVANSYON

- Abstinans sou kontak seksyèl
Tretman bonè pou STD (Maladi Transmèt Seksyèlman MTS)
- Itilize kapòt (kondom) tout tan, epi korèkteman nan yon fason apwoprye lè w ap fè sèks nan vajen, nan dèyè, oswa sèks sousad sou pijon
- Itilize kapòt (kondom) baryè tout tan, epi korèkteman nan yon fason apwoprye lè w ap fè sèks sousad sou vajen oswa sou twou dèyè

Rekòmandasyon pou anpeche pwopagasyon enfeksyon:

- Evite kontak seksyèl avèk yon Patnè jiskaske tretman finn konplete
Pran tout preskripsyon medikaman yo menm si ou sispann gen sentòm yo.
- Sispann kontak seksyèl si siy yo oswa sentòm yo retounen
- Fè tèks sondaj pandan gwosès
- Sondaj chak ane pou tout fanm ki aktif seksyèlman ki aje de 25 ane oswa mens
- Notifye tout dènye sèks patnè yo si ou enfenkte

Enfòmasyon pou Pran Kontak:

Pou plis enfòmasyon sou sèvis klinik Laflorid yo, lokasyon, ak rekòmandasyon pou tretman tanpri vizite nou nan sitwèb http://www.doh.state.fl.us/disease_ctrl/std/clinical/clinical.html Kominikasyon elektwonik sou kouryèl: HSD_STD@doh.state.fl.us

Nasyonal Lyi STD

1-800-227-8922 (24 sou 24, 7 jou pa semèn)

Payòl

1-800-344-7432 (8 am -2 pm Lès, 7 jou pa semèn)

Mal pou Tande

1-800-243-7889 (10 am-10pm Lès, Lend.-Vand)